

## МÆНГАРДИ МИУТÆ ÆХСÆНАДИ МЕДÆГÆ МÆСТДЗÆГЪДÆН ИСУНЦÆ!..

***Альбер КАМЮ (1913-1960), францухзаг финсæг, Нобели премий лауреат:* «Бæсти политикæ æма адæми ирисхъæ ‘нцæ, уæлтæмæнадæ æма ездондзийнадæй цох ка ’й, уæхæнтти къохи...»**

***Номдзуд лæги аци загъд уæлдай бæлвурдæй рабæрæг æй æ райгурæн Францій нуриккон хецауеуæггæнгути хеваст миутæй. Уоми рæхги ци Олимпаг гъæзтитæ райдайдзæнæнцæ, уони дæр се ’дзæсгондзийнадæй исдзурдтаг кодтонцæ...***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№26 (946) 2024 анзи 20 июль – сосæни мæйæ

Аргъ 1 туман

### НОМЕРÆН



## УОДИГЪÆДÆЙ АДТÆЙ ФЕДАУЦÆ, ХЪАУРÆЙ – ТУХГИН!..

Хуæрзæрæги дæр ма уотæ адтæй, æма Олимпаг гъæзтитæ дуйней рæстзæрдæ дзиллитæн агъазиау зæрдæхцæуæн цау исиуонцæ. Алæмæти бæрæгбон – спорти æма хæлардзийнади бæрæгбон. Дуйней алли адæмихæттити минæвæрттæ кæрæдзей хæццæ кæд тухæвзарæн кодтонцæ, уæд айдагъдæр спортивон арæхстдзийнадæ æма лæгдзийнадæй.

Нæ Фидибæсти дзиллæн ба Олимпаг гъæзтитæ уæлдай зæрдтагон уиуонцæ, уомæн æма си не ‘мбæстон спортсментæ алкæддæр дессагæй-дессагдæр фескъуæлхиуонцæ. Гъулæггагæн, абони син уомæн равгитæ нæбал ес – Олимпаг гъæзтити нури аразгутæ сæ алли, спортмæ æгириддæр ка неци барæ даруй, уæхæн рæуæнттæй сæ нæ уадзунцæ уоми архайунмæ...

Фал етæ цийфæнди ку фæккæнонцæ, уæддæр Олимпаг гъæзтити анзфинсти сугъзæрийнæ дамугъатæй æртевдзæнæй, нæ Фидибæсти спортсментæ æ райрæзтмæ ци агъазиау хай бахастонцæ, уони кой. Еци спортсментæй ба еу адтæй номдзуд богал Хъулати Хаджумари фурт Барис (адæм æй уарзонæй Бадзи худтонцæ) – ССР Цæдеси спорти æскъуæлхт мастер, Цæгат Иристони æма Уæрæсей Федераций физикон культури æскъуæлхт архайæг, XVI сæрдигон Олимпаг гъæзтити æвзестæ призер, берæ дуйнеуон еристи уæлахезон. Цæгат Иристони дзиллæ адтæнцæ æма нерæнгæ дæр сæрустур æнцæ нæ адæми разагъди фуртæй.

Абони ба ин æ рохс ном уомæн имисæн, æма 18 июли æ райгурдбæл исæнхæст æй финддæс æма цуппаринсæй анзи (1929-2008). Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 3-аг фарсбæл.

# РОХС ФÆНДИТÆЙ ЦАРДИ АМОНДМÆ БÆЛДТÆНЦÆ...



**Аци къари уинетæ Тауасити Станислави, æ фæсте ба, Устур Фидибæстон тугъди райгурæн бæсти сæрбæлтау ка фæммард æй, еци æдзард тугъдонтæн кæддæр ци номерæн циртдзæвæн искодта, уой къарæ.**

*Уогæ ба цæйбæрцæбæл æгъатир æй карнæ: еуæйеуетæн, сæ тæккæ цардгъон кари ку бацæуунцæ æма нæ дзиллæн агъазиау хуарздзийнæдтæ аразунгъон ку исунцæ, уæд син сæ цардвæндаг æрбацубуртæ кæнуй. Уотæ рауадæй Тауасити Тауаси фурт Станислави карнæ. Аци анз 21 июли (1959-2014) ибæл фондз æма æртинсæй анзи бæргæ исæнхæст адтайдæ, фал, гъулæггагæн, дæс анзей размæ, хуæрзæригонæй, æдеугур ибæл финддæс æма дууинсæй анзи цудæй, уотемæй рахецæн æй æ уæлзæнхон цардæй. Фал уæддæр абони не ’хсæн æй – æ дессаги скульптурон куститæй, æ берæ арфиаг хуарздзийнæдтæй. Уой фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 4-5-аг фæрстæбæл.*

### ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ.




## «НÆ НИСАНТÆ – ЗÆРДÆМÆДЗÆУГÆ, РАВГИТÆЙ ДÆР ÆНХÆСТ АН!..»

Сахар Грознай æрæги цалдæр боней дæргъи ка цудæй, еци Кавказаг инвестицион форум æ куст æнтæстгинæй фæцæй. Архайдта си нæ республики хецаудзийнади æма экономикон алли къабæзти минæвæртти устур къуар дæр, æ сæргъи Цæгат Иристони разамонæг **Сергей Меняйло**, уотемæй.

Форуми ци ахсгиаг мадзæлттæ арæзт æрцудæй, уонæй еу иссæй Цæгат-Кавказаг федералон зилди социалон-экономикон райрæзти фарстати фæдбæл Хецауадон къамиси æмбурд, кæцимæн разамунд лæвардта Уæрæсей Федераций Хецауади Сæрдар **Михаил Мишустин**.

Архайдтонцæ си регионти æма ирæзти институтти разамонгутæ æма бизнеси минæвæрттæ. Ци фарстатæбæл дзурдтонцæ, уони ‘хсæн – паддзахадон агъази нæуæг хузтæ, ирæзтæн æнæмæнгæ гъæугæ фæрæзнитæ, инвестицион гъæугæ æрдзонгъæдæ исаразунæн ахедгæ мадзæлттæ.

Æмбурди ма архайдтонцæ Уæрæсей Федераций экономикон ирæзти министри хуæдæййевæг **Сергей Назаров**, «Кавказ. УФ»-ий генералон директор **Андрей Юмшанов**, минкъий æма рæстæмбес амалгъонади ирæзти Федералон корпораций генералон директор **Александр Исаевич**, Æфснайæнбанки хонсар-нигулæйнаг дæлхайади сæрдар **Анатолий Пасенников**, «Cosmos hotel group»-и президент **Александр Биба**, уæрæсейаг амалгъон, компьютерон техникæ «Бештау», зæгъæ, уæхæн бренди хæццæ аразæг компаний разамонæг **Владимир Кузнецов**.

Сергей Назаров, фембæлд байгон кæнгæй, фæббæрæг кодта инвестицион форумтæ аразуни ахедундзийнадæ æма амалгъонтæ æрбаздахуни туххæй. Куд загъта, уотемæй, Цæгат Кавкази экономики агъазиау ирæзтæн устур гæнæнтæ ке ес, æма си арæхстгинæй испайда кæнун ке гъæуй.

Æ загъдмæ гæсгæ, каврегионтæмæ устур банкти цæмæдесдзийнадæ ирæзуй: кредитон продуктти нимæдзæ ке фулдæр кæнуй, уомæй. Æма æнæмæнгæ гъæуй еци гъуддаги райрæзтæн еугур гæнæнтæ æма равгитæй æнхæстæй пайда кæнун.

2

*Цæгат Иристони рæсугъддæр рауæнтæй еуеми – Дигоргоми – 21 июли æ куст райдайдзæнæй æригон туристти еугурæрæсеуон слет. Нæ республикæ дууæ къуæрей æмгъудæй исиуазæг кæндзæнæй аст æма инсæй уæрæсейаг регионей æригæнтти хуæздæр туристон командитæ. Мадзали сæйрагдæр нисан æй кæстæр фæлтæрти æнæнез цардиуагæбæл æхцул кæнун.*

# «НÆ НИСАНТÆ – ЗÆРДÆМÆДЗÆУГÆ, РАВГИТÆЙ ДÆР ÆНХÆСТ АН!..»



1

Æмбурди радзубанди кодта нæ республики Сæргълæуууæг Сергей Меняйло, æма куд загъта, утемæй, абони хъæбæр ахсгиаг æй бизнесæн гъæугæ уавæртæ исаразун. Инвестортæ сæ фæрæзнитæ исхарз кæнунмæ кæми гъавунцæ, еци регионi, фиццагидæр, æхсæнадон-политикон уавæр гъæуама уа æдас.

## АБОНИ ÆНТÆСТДЗИЙНÆДТÆ – ИСОНИБОНИ АХЕДГÆДÆР КУСТИ БУНДОР

Сергей Меняйло æ радзубандий утæ баханхæ кодта:

– Абони Цæгат Кавкази республикити экономикон сæйрагдæр къабæзти ирæзтæн ес еугур фадуæттæ дæр. Еци къабæзтæ ‘нцæ туризм, гъæууон хæдзарадæ, промышленность. Уой туххæй нæмæ ес, куд регионалон, утæ федералон агъази мадзæлттæ дæр. Фал уæддæр бизнес, «даргъ æма аслан» æхцатæ кæми ес, административон гæрæнтæ бустæги кæми ‘нцæ, айдагъдæр уордæмæ нæ тундзунцæ. Бизнес, фиццагидæр, домуй æдасдзийнадæ. Æхе хуарз ку æнгъæла, ку нецæмæй тæрса, уæд æ фæрæзнитæ дæр гъуддагæн нæ бавгъау кæндзæнæй. Уомæ гæсгæ, ба æнæмæнгæ гъæуй, цæмæй Цæгат Кавкази базононцæ куд зæрдхæлар, сабур, цæстуарзон, прогрессивон регион. Цæгат Иристон идарддæр дæр пайда кæндзæнæй еугур мадзæлттæй дæр инвестицион климæт фæххуæздæр кæнунбæл æма инвестортæн гъæугæ уавæртæ аразунбæл.

Кавказаг инвестицион форуми Цæгат Иристонæн ци сæрмагонд стенд фæлгонцгонд адтæй, е хъæбæр цæмæдесаг рауадæй. Бабæрæг æй кодтонцæ Уæрæсей Федераций Хецауади Сæрдар Михаил Мишустин æма Республикæ Узбекистани премьер-министр **Абдулла Арипов.**

Цæгат Иристони Сæргълæууæг радзурдта экспозиций æвæрд ци ес, регионi еци сæйраг æнтæстдзийнæдти, уæдта исонибонмæ нисанти туххæй.

Сергей Меняйло куд баханхæ кодта, утемæй стенди сæйраг нисанеуæг æй Цæгат Иристони инвестицион гæнæнти райрæзт бавдесун æма зæрдиагæй райарфæ кодта Уæрæсей Хецауадæн, республикæн еудадзуг ахедгæ агъаз ке кæнуй, уой туххæй.

Уæрæсей Хецауади Сæрдар Михаил Мишустин аразийæй байзадæй æма бæрзонд аргъ искодта, Цæгат Иристон æхе равдистмæ куд бацæттæ кодта, уомæн.

## УЗБЕКИСТАН ÆМА ЦÆГАТ ИРИСТОНИ ÆМГУСТАДÆ АГЪАЗИАУДÆР КÆНДЗÆНÆЙ

Форуми рæстæги Сергей Меняйлойæн сæрмагондæй фембæлд адтæй Республикæ Узбекистани Минæваради делегаций хæццæ, æ сæргъи Æнæрадон æма Æнхæстбаргин минæвар **Ботиржон Асадов**, утемæй.

Еци фембæлди рæстæг Сергей Меняйло æ радзубандий куд фæббæрæг кодта, утемæй Уæрæсе æма Узбекистани ‘хсæн цæдесон рахастдзийнадæ зæрдæмæдзæугæ ‘й æма идарддæр парахатдæргонд ке цæудзæнæй. Мадта Цæгат Иристон æма Узбекистани ‘хсæн рахастдзийнæдтæ кумæ ирæзонцæ, уомæн дæр берæ равгитæ ес ахурадæ æма культури къабæзти.

– Цæгат Иристони цæруй, республики этнокультурон æмвæзадæмæ агъазиау æвæрæн ка хæссуй, еугур адæмихæттити ‘хсæн сабурдзийнадæ ка федардæр кæнуй, æхсæнадон мадзæлтти сæрæнæй ка архайуй, уæхæн устур узбекаг диаспорæ, – загъта Сергей Меняйло.

Фембæлди хатдзæгтæмæ гæсгæ æ архайгутæ бадзубанди кодтонцæ регионти ‘хсæн бастдзийнæдтæ фæуурухдæр кæнунбæл.

## КÆРÆДЗЕБÆЛ АУОДГÆЙ, ЦАРД ФÆРНÆЙДЗАГДÆР КÆНГÆ ЦÆУЙ

Нæ республики Сæргълæууæг Сергей Меняйлойæн ма форуми рæстæг адтæй косæг фембæлд Республикæ Беларуси Æнæрадон æма Æнхæстбаргин минæвар Уæрæсей Федераций **Александр Рогожники** хæццæ дæр. Сæ фембæлди рæстæг æрдзубанди кодтонцæ абони æмгустадæбæл, идарддæри еумæйаг архайд фæййахедгæдæр кæнуни гæнæнтæ æма равгитæбæл.

Фембæлди райдайæни Сергей Меняйло зæрдиагæй райарфæ кодта Александр Рогожникæн, бæрзонд дипломатон бунатмæ нисангонд ке ‘рцудæй, уой фæдбæл. Æма ма куд загъта, утемæй Беларусь нæ республики рагон æма æуууæнккин æмбал ке æй, æма се ‘хсæн экономикон æма гуманитарон бастдзийнæдтæ идарддæр федардæр ке кæндзæнæнцæ.

Еци загъдмæ гæсгæ уæ зæрдæбæл уин æрлæуун кæнæн: 2018 анзи Цæгат Иристони Хецауадæ æма Республикæ Беларуси Хецауадæ бафинстонцæ бадзурд базарадон-экономикон, наукон-културон æма социалон-културон æмгустади туххæй. Бадзурдмæ гæсгæ æ бафинсгутæ кæрæдземæн агъаз кæнунцæ промышленности, информацион коммуникацити, агропромышленнон комплекси, базарадæ æма лæггæдти, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади, ахуради, наукити, туризми...

Республикæ Беларуси хæццæ арæзт цæунцæ базарадон рахастдзийнæдтæ. Иристони экспорти номхигъди ‘нцæ: электрикон машинттæ, ефтонггæрзтæ æма сæ хæйттæ, мурфинсæн æма мурнæуæггæнæн аппаратурæ, кæрдтæ, аслан æзгъæртæй конд уедгутæ æма вилкитæ æма утæ идарддæр. Беларусь ба Цæгат Иристонæн æрветуй хæдзари дзаумæуттæ, цирæгътæ, рохсгæнæн ефтонггæрзтæ, хуæлци æма æхсири продукттæ, муд...

Кавказаг инвестицион форуми программи сæйраг мадзал адтæй пленарон æмбурд «Агъазиау Кавказ: денгизæй денгизмæ». Амудта ‘й Уæрæсей Федераций Хецауади Сæрдари фиццаг хуæдæййевæг **Александр Новак**. Цæгат Кавказаг федералон зилди экономикон гæнæнти хæццæ баст фарстатæбæл ахсгиаг дзубандий архайдта Цæгат Иристони делегаци дæр, æ сæргъи – Сергей Меняйло, утемæй.

Александр Новак фæббæрæг кодта, абони инвестортi ‘рдигæй Цæгат Кавказмæ хъæбæр устур цæмæдесдзийнадæ ке ес.

– Кавказ нæ бæсти цæмæдесаг регион æй. Алæмæти рæсугъд æрдзæ, историон рауæнтæ. Æма еу денгизæй иннæ денгизмæ æхе ке райвазта, е ин агъаз æй инвестортæ имæ æрбаздахунæн æма уони фæрци æ ирæзтæн. Национ нисантæ исæнхæст кæнуни туххæй Уæрæсей Президент нæ размæ æвæруй 2030 анзмæ инвестицити нимæдзæ 60 проценти фæффулдæр кæнуни ихæс. Æма еци ихæс мах æнхæст кæнæн æмгъудтæй раздæр. Форуми бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, Цæгат Кавкази инвестицити нимæдзæ исирæзтæй 17 проценти. Е ба æй, еумæ райсгæй, Уæрæсей рæстæмбес бæрæггæнæнæй дзæвгарæ бæрзонддæр.

## БÆЛЦЦÆНТТÆ ХУÆРЗЦÆТТÆЙ ИСИУАЗÆГ КÆНУН – АХСГИАГ ГЪУДДАГ ÆЙ

Вице-премьер хецæнæй фæббæрæг кодта туристон проектти ирæзти æнтæстдзийнæдтæ сæрмагонд экономикон зонити, агропромышленнон, транспортон-логистикон къабæзти, промышленности.

Æмбурди хатдзæгти фæдбæл дзоргæй, Сергей Меняйло куд баханхæ кодта, утемæй, Кавказаг инвестицион форум агъазиау пайда æй субъектти гæнæнтæ раргом æма исцардгъон кæнунæн.

– Абони Уæрæсей регионти размæ лæууй вазуггин ихæс: инвестортæн, уой хæццæ – фæсарæйнæгтæн дæр, уавæртæ аразун, уомæн ба агъаз æнцæ КИФ-и хузæн фæзтæ. Цæгат Иристон цæттæ ‘й нæуæг æмгустадон бастдзийнæдтæмæ, нæуæг проектти фарс рахуæцунмæ, – загъта регионi разамонæг. – Кавказаг инвестицион форум хъæбæр бæрзонд æмвæзадæбæл ке рацудæй, уой сæрмагондæй баханхæ кодта Уæрæсей Федераций Хецауади Сæрдар Михаил Мишустин, мадзали цæмæ ‘ркастæй æма ци фæуууидта, уомæн хатдзæгтæ кæнгæй.

Æ радзубандий ма Михаил Мишустин дзурдта, еумæ райсгæй, федералон зилди уавæрбæл. Хецæнæй æрлæудтæй туризми къабазæбæл. Æмбурди архайгути зæрдæбæл æрлæуун кодта Президенти фæдзæхст – æхсæз анземæ нæ бæсти балцити цæугути нимæдзæ анзæй анзмæ фулдæр кæнун.

## НÆУÆГ КУСТУÆТТÆ АРАЗУНИ ФÆРЦИ – НÆУÆГ КОСÆН БУНÆТТÆ

Мишустини дзубандимæ гæсгæ, Кавказ алкæддæр хецæн кодта æ иуазæгуарзондзийнадæ æма æ алæмæти дзенетон æрдзæй. Фал ами дæр нерæнгæ алкæми нæма ес туристтæн гъæугæ уавæртæ – «сервиси æмвæзадæ фæббæрзонддæр кæнун гъæуй». Еци куст разæнгардæй æнхæст кæнунцæ бизнеси минæвæрттæ, Хецауадæ ба амалгъонтæн урух агъаз дæттуй.

– Уæлбарæ æфстæуттæ дæттуни программæмæ гæсгæ, туризми къабази æртæ æма инсæй проектемæн лæвæрд æрцæудзæнæй уæхæн æфстæуттæ, фусунуæттæ æма берæфæразон комплекстæ аразунæн. Дууæ си нуриуæнгæ байгон æнцæ æма косунцæ. Субсидитæ равардтан модулон фусунуæттæ аразунæн дæр, нуртæккæ си 90 номери цæттæ ‘нцæ, – фегъосун кодта Михаил Мишустин.

**Владимир Путин** 2023 анзи ци закъон бафинста, уой бундорбæл туроператортæ уæгъдæ ‘нцæ уæлæнхасæн аргъи хъалонæй, Уæрæсей фæзуати балцæгтæ уæйæ кæнгæй. Аци фæрæзнæ рахъæртдзæнæй 2027 анзи 30 июни уæнгæ.

Кавкази инвестицион форум, ку зæгъæн, цудæй Грознай æртæ боней дæргъи, 15-17 июли. Сæйраг равдисти экспозиций фæлгæти Цæгат Иристони стенди æвдист æрцудæй 29 инвестицион проекти экономики бундорон къабæзти. Царди уагъд ку ‘рцæуонцæ, уæд е регионæн ратдзæнæй равгæ аст мин кусти бунати исаразунæн. Форуми архайгутæ базонгæ ‘нцæ нæ регионi промышленнон кустуæтти продукций хæццæ.

## АБОНИ, ИСОНИБОНИ ХУАРЗБÆЛ КА АРХАЙУЙ, ÆНТÆСГÆ ДÆР УОМÆН КÆНУЙ...

Кавкази инвестицион форум, ку зæгъæн, цудæй Уæрæсей Федераций Президент Владимир Путини Указмæ гæсгæ. Аллианзон ке æй, е агъаз æй Цæгат Кавкази инвестицион гæнæнтæ фæгъгъомусгиндæр кæнунæн, е ‘нæрлæугæ социалон-экономикон ирæзтæн. Кавкази инвестицион форум аразæг æй фонд «Росконгресс» Уæрæсей Федераций экономикон ирæзти министради агъазæй.

**Устур Фидибæстон тугъди æхсаргин архайæг, Намуси ордени æнхæст кавалер Едзати Александри фурт Æхсарбеги райгурдбæл 25 июли æнхæст кæнуй сæдæ анзи (1924-1992).**

*БАСКАТИ Урузмæг, спортивон журналист: «Бадзи фæнзуйнаг айдагъ æ спортивон æнтæстдзийнæдти нæ адтæй, фал ма æ хуæрзæгъдаудзийнадæй, адтæй парахат зæрди хецау. Куд бийнонти хестæр, уотæ адтæй бæрнон æма идæрдтæбæл гъудигæнæг фидæ æма баба. Æ дзенети бадуйнаг бийнойнаг Хъулати-Санати Ази хæццæ исгъомбæл кодтонцæ хуæрзæгъдаукæстæртæ, етæ син балæвар кодтонцæ бæдоли бæдæлттæ, æма уомæй сæхе худтонцæ уæлдай амондгун.*

# УОДИГЪÆДÆЙ АДТÆЙ ФЕДАУЦÆ, ХЪАУРÆЙ – ТУХГИН!..


ХЪУЛАТИ Барис æ кæстæри кæстæри хæццæ.

Хъулати Барис адтæй евгъуд æноси 50-60 æнзти Советон Цæдеси хуæздæр гъæбесæйхуæцгутæй еу. Е хайгин адтæй гъæбесæйхуæцæги еугур менеугутæй дæр. Хъаурæ, хуарз техникæ æма нисанмæ турнундзийнади рæуаги Барис иссæй берæ дуйнеуон еристи уæлахездзау.

Аци юбилейон уаци æз цубурæй æрдзордзæнæн Бариси царди вазуггин хабæрттæбæл. 1956 анзи, Стамбули, стадион «Митхатпаша»-й Советон Цæдеси еугонд команди исконди хуæстæй Хъулати Барис дæр. Турккаг спорт уарзгутæ æхцæуæнæй кастæнцæ Бариси æнтæстдзийнæдтæмæ дуйней Кубок рамолунæн еристи. Æ алли уæлахезбæл дæр ин æмбалдæнцæ устур къохæмдзæгъди хæццæ, нимадтонцæ 'й æ æрдæгуæззау уæзи тухгиндæр гъæбесæйхуæцæгбæл. Фал кæронбæттæни Барис турккаг гъæбесæйхуæцæг Атаний хæццæ ку фембалдæй, уæд адæми «уарзондзийнадæ» фæццидæр æй.

### СОВЕТОН БОГАЛÆН СÆ ХЕУОНИ ХУЗÆН ÆРДЗÆФ КОДТОНЦÆ

Барис размæ ку æрбампурста, уæд стадион нигъгъос æй, турккаг ба горцъейæй æндæмæ ледзунмæ фæцæй. Гъæбесæйхуæсти тæккæ райдайæни Хъулайфурт æ нихмæлæууæги фæхъхъан кодта. Уæлахез! Тæрхонгæнгутæ сæхе медæг радзубанди кодтонцæ æма рахастонцæ унаффæ тох раидарддæр кæнуни туххæй. Фæстагмæ зин, уæззау гъæбесæйхуæсти фæуууæлахез æй Атани. Растдæр зæгъгæй ба 'й, тæрхонгæнгутæ уæлахездзау искодтонцæ.

Уæдæй фæстæмæ Барис бæлдтæй Атаний хæццæ нæуæг фембæлдмæ. Æма си Мульбурни Олимпаг гъæзтити æ «маст» райста. Тæрхонгæнгутæ уæлахез æмвæндæй равардтонцæ Хъулай-фуртæн.

Хъулати Барис 1953 анзи Швеций хуæстæй Хельсинки Олимпаг æма дуйней чемпион Пальми хæццæ. Е адтæй Бариси фиццаг къахдзæф дуйнеуон еристи æма ин нæ фæррæстмæ 'й: фæлтæрдгун Пальм фембæлди райдайæни еу очко «ракуста», уæдта æхе горцъейæй еуварс есун байдæдта. Уотемæй рамулдта. Хъулай-фурт имæ фæдздзурдта нæуæг фембæлдмæ, фал Пальм не 'сарази æй.

Æ дуккаг нихмæлæууæг, 1948 анзи дуйней чемпион швецаг богал Нильсени Барис рамулдта устур хигъди хæццæ. «Æнæнгъæлæги фæххуæрд дæн, – загъта Нильсен газети уацхæссæгæн, – иннæ хатт еци бицщеуи кæдзосæй рамолдзæнæн». Фембалдæнцæ дуккаг хатт, уой дæр ма Нильсени райгурæн сахар Экстельстуни. Æма бабæй Барис фæуууæлахез æй. Нильсени æмзæнхонтæ нæ гъæбесæйхуæцæгæн балæвар кодтонцæ æхсаргарУæдмæ Мельбурни Хъулай-фурти «размæ фæцæй» Пальм дæр. Швецаг «кæдзосæй» фæххуæрд æй. Уой фæсте нæ бæгъатæр æнцонæй рамулдта нæуæгзеландиаг спортсмени. Кæронбæттæни фембалдæй дуйней тухгиндæр богæлттæй еу – ирайнаг Тахтий хæццæ. Ка фæуууæлахез æй? Дæргъвæтийнæ унаффити фæсте тæрхонгæнæг Тахтий къох ку исиста, уæд спорт уарзгути дес æма мастæн кæрон нæбал адтæй.

Барисмæ аци гъуддаг неци дессаг фæккастæй. Зæгъæн ес, æма 'й æнгъæл дæр адтæй, уомæн æма советон спортсментæн тæрхонгæнгутæ уæхæн «лæвæрттæ» ахид кодтонцæ.

Сугъзæрийнæ æ къохтæй райервазтæй, райсæн ма ес айдагъдæр æвзестæ майдан. Уой туххæй ба рамолун гъудæй хъаурæгин америкаг богал Блэйэри. Фал фембæлди фиццаг минутти Барисæн æ уæраги æрхæги уæнгбæттæнтæ раскъудæнцæ. Ци дессаги лæгдзийнадæ равдиста Хъулай-фурт! Фурристæй æ сæр зилдæй, æ цæститæ тартæ кодтонцæ, уæддæр горцъейæй нæ рандæй. Уæхæн уавæрти дæр Барис фæуууæлахез æй Блэйэрбæл, уой хæццæ æрæмбурд кодта фондз очкойæй фулдæр.

Куддæр тæрхонгæнгутæ Бариси уæлахез банимадтонцæ, уотæ е горцъебæл æрхаудтæй. Хъулай-фурти устур лæгдзийнадæ балæдæргæй, адæм исаразтонцæ тухгин къохæмдзæгъд.

Еци бон ма нæ гъæбесæйхуæцæгæн æмдзæгъд кодтонцæ еума хатт. Советон Цæдеси Министри Совети Физкультурæ æма спорти комитети хайади унаффæмæ гæсгæ Хъулати Барисæн лæвæрд æрцудæй спорти æскъуæлхт мастери ном. Олимпаг гъæзтити фæсте ба хуарзæнхæгонд æрцудæй «Кади Нисани» орденæй.

Уæхæн адтæй Хъулати Барис, Æрæдони колхози раздæри шофер. Æ спортивон биографи райдæдта сæхе гъæуи арæзт республикон спартакиади. Ами Барис иссæй дууæ хатти чемпион (гъæбесæйхуæст æма уæззау атлетикæй). Уой фæсте не спортсмен архайдта æхсæнадæ «Спартак»-и хъæппæресæй арæзт еристи классикон æма уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй. Уоми фæуууæлахез æй æ тухгин нихмæлæугутæ Шагинян, Абрамян, Карпинский æма Князевбæл. 1952 анзи УСФСР-и чемпионати кæронбæттæни еристи Барис рамулдта спорти мастер Хантимуряни æма иссæй Федераций чемпион æрдæгуæззау уæзи.

### САУÆНГÆ АМЕРИКИ ДÆР ИН АККАГ НИХМÆЛÆУУÆГ НÆ РАЗИНДТÆЙ

Фал хъæбæрдæр ба Барис багъуди кодта, 1952 анзи фиццаг хатт Советон Цæдеси чемпионати ку архайдта, уой. Хъулай-фурт рамулдта Тедей-фурти, Маркови, Канделакий, Сухорученкой, фал фæстаг фембæлди фæххуæрд æй спорти æскъуæлхт мастер æма дуйней чемпион Август Энгласæн. Барис байахæста дуккаг бунат, исæнхæст кодта Советон Цæдеси мастери нормæ.

Фулдæрæй-фулдæр кодтонцæ Хъулай-фурти спортивон æнтæститæ. Хуарз гъуди кодта Барис, бæсти еугонд команди рæнгъити Америки сахари ци цуппар фембæлди рæцудæй, уони дæр. Кæд æ Мельбурни цæф рæстмæ нæма исдзæбæх æй, уæддæр æ нихмæлæугути рамулдта.


ХЪУЛАТИ Барис Будапешти Еугурдуйнеуон студентон гъæзтити иссæй уæлахезон, дуйней уæди хъаурæгиндæр гъæбесæйхуæцæг Гулям-Реза Тахтийæй дæр тухгиндæр разингæй.

Фиццаг æртæ фембæлди ке хæццæ кодта, еци Розенмайер разиндтæй Нильсени хузæн «цæрдæг». Дууæ хатти ку фæххуæрд æй, уæд загъта, зæгъгæ, нур советон команди капитан Хъулай-фурти æнæ рамолгæ нæбал фæуууодзæнæн. Фал бабæй æртиккаг хатт дæр горцъейæй сæргубурæй рандæй…

### ÆНÆГЪÆНÆ СОВЕТОН ЦÆДЕСÆН ДÆР ИСКОДТА КАДÆ

Спортивон царди алцидæр фæууй. Хатгай фæлтæрдгун, хъаурæгин спортсмен фæххуæрд уй æригонæн. Спортивон закъæнттæ æгъатир æнцæ: кæддæри æскъуæлхтдзийнæдтæ нæ нимайунцæ. Ахид минкъий къурцдзæвæнæн дæр исрастгæнæн нæбал фæууй.

Гъæбесæйхуæцгути еристи фондз иварон очкой ка райса, еци богал састи бунати байзайæгбæл нимад æрцæуй. 1955 анзи, Мински, бæсти чемпионати рæстæг, аци гъуддагæй тæссаг адтæй Барисæн дæр. Æ фиццаг фембæлд адтæй æригон Максимови хæццæ. Хъулай-фурт æнцонæй рамулдта, æрæмбурд кодта еу-инсæй очкой бæрцæ. Фал уалинмæ Максимов фæййарæхстæй æма не спортсмени е 'уонтæй горцъебæл æрæмбæлун кодта. Æртæ иварон очкой! Дууæ уæлахези ма очкотæмæ гæсгæ – æма Хъулай-фурт сугъзæрийнæ майданбæл тохæй фæххауæццаг уодзæнæй. Нур рамолун гъæуй айдагъдæр «кæдзосæй». Уой хæццæ дессаги бæгъатæртæ – Тедей-фурти, Гурини, Гуревичи, Нижарадзей, Албули… Æгæрон зин гъуддаг æнгъæлмæ кастæй Хъулайфуртмæ, фал æй кадгинæй исæнхæст кодта æма иссæй Советон Цæдеси чемпион.

1958 анзи дæр бабæй Барис рамулдта Албули, Гуревич æма Нижарадзей æма байзадæй æ уæзи тæккæ тухгиндæр богалæй.

Ке зæгъун æй гъæуй, Хъулати Бариси еугур уæлахезтæбæл еу газетон уаци æрдзорæн нæййес. Барис дæс анзей дæргъи адтæй Советон Цæдеси еугонд команди исконди капитан. Уомæй уæлдай ма адтæй Советон Цæдеси цуппар хатти чемпион (1955, 1956, 1959, 1960 æнзтæ), Советон Цæдеси еристи æвзестæ призер (1952, 1954, 1957 æнзтæ). Еугурдуйнеуон студентон гъæзтити уæлахездзау (1954 анз), Еугурдуйнеуон фæсевæдон фестивали уæлахездзау (1955 анз), Дуйней Кубоки æвзестæ призер (1956 анз). XVI Олимпаг гъæзтити æвзестæ призер (1956 анз), дуйнеуон чемпионати æвзестæ призер (1957 анз). Архайдта 142 дуйнеуон фембæлдеми, 1957 анзи хуарзæнхæгонд æрцудæй «Кади Нисани» орденæй, адтæй УСФСР-и физикон культури æскъуæлхт косæг.

Барис каст фæцæй Цæгат Иристони пединститути физикон гъомбæлади факультет. Аци цардбæллон, фæлмæнзæрдæ адæймаги зудтонцæ æма уарзтонцæ Иристони еугур цæргутæ дæр.

Барис айдагъ Иристони бæгъатæр нæ адтæй, е кадæ искодта æнæгъæнæ Советон Цæдесæн дæр.

***ГАГИТИ Сергей,***
***Цæгат Иристони физикон культури æскъуæлхт косæг.***



ХЪУЛАТИ Барисæн циртдзæвæн Дзæуæгигъæуи Кади Аллейи.

**Зундгонд балхон, уруссаг-япойнаг тугъди номдзуд архайæг, инæлар-лейтенант Тургити Заурбеги райгурдбæл 24 июли æнхæст кæнуй астинсæй анзи (1859-1915).**

***МÆРГЪИТИ Таймураз, Цæгат Иристони хузæгæнгути Цæдеси сæрдар: «ТАУАСИТИ Станислав айдагъ искурдиадæгин скульптор нæ адтæй, фал ма адтæй хуæрзæгъдаугин, рæсугъд зæрди хецау дæр. Тауасити муггагæн е, æвæдзи, сæ тоги æй. Е дин алæмæти номдзуд скульптор, æнæгъæнæ дуйней дæр зундгонд ка ‘й, Салават Юлаевæн Уфай алæмæти циртдзæвæн ка ниввардта,***

# РОХС ФÆНДИТÆЙ ЦАРДИ АМОНДМÆ БÆЛДТÆНЦÆ...


Тауас


Руслан


Станислав

***Тауасити Станислави рохс ном имисгæй, махмæ гæсгæ, æнæмæнгæ зæгъун гъæуй, ци бийнонти ’хсæн исбайлæгъ æй, уони, уæлдайдæр ба æ ниййергути туххæй. Бийнонтæ ба, баруагæс уи уæд, дессаги хуæрзæгъдау æма адæмуарзон, уой хæццæ ба ма алæмæти искурдиадæгин разиндтæнцæ.***

***Тауасити Михали фурт Тауас æма æ цардæмбал Таирæ æмзундæмвæндæй аразтонцæ сæ цардиуаги хабæрттæ, уæлдай хъæбæрдæр ба бæлдтæнцæ, цæмæй сæ кæстæртæ сæ карни нæдтæбæл фæррæствæндаг адтайуонцæ, уомæ. Æма син сæ зæрдитæ бæргæ барохс кодтонцæ сæ дууæ фурти Руслан æма Станислав, дессаги искурдиадæгин скульптортæ си рауадæй, сæ аййевадæн æскъуæлхтдзийнæдтæй иссæнцæ зундгонд æнæгъæнæ Уæрæсей дæр, уæдта фæсарæнтæй дæр берæ рауæнти. Куд нæ цийнæ кодтайуонцæ мадæ æма фидæ, фал... Фал сæ цийнæ берæ нæ рахаста – нæ кæстæрти нин хуæрзамондæй фæххайгин кæндзæнæй, зæгъгæ, ци ирисхъæмæ æнгъæлмæ кастæнцæ, е сæбæл гадзирахаттæй рацудæй... Сæ дууæ цардбæллон фурти Руслан æма Станислав цардгъæуагæй банæхстæр æнцæ се ’носон дуйнемæ...***

***Тауас æхуæдæг берæ уæззауæй-уæззаудæр зиндзийнæдтæ бавзурста, уæлдайдæр ба Устур Фидибæстон тугъди рæстæгути. Æма си кæд æ зæрдæ еудадзугдæр ресидæ, уæддæр ин уони сæ еугурейдæр, куд фæззæгъунцæ, нихгæдта. Нæ ниффæразта еци æгæрон уæззау зиндзийнадæн. Æма еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте æхуæдæг дæр, гъулæггагæн, банæхстæр æй фуртти фæдбæл еци дуйнемæ.***

***Æма абони нæ дзубанди, Станислави райгурдбæл 21 июли фондз æма æртинсæй анзи ке æнхæст кæнуй (1959-2014), уой фæдбæл кæд æй, уæддæр, мæхмæ гæсгæ, раст уодзæнæй сæрмагондæй бал æ фидæ, Тауасити Михали фурт Тауаси æримисун... Руслан æма Станислав зундгонд скульптортæ ке иссæнцæ æма син ци устур æскъуæлхтдзийнæдтæ бантæстæй, е берæ цæмæйдæрти сæ фиди ауодундзийнади фæрци дæр адтæй. Æма абони мухур кæнæн, Тауаси туххæй Цæгат Иристони адæмон хузæгæнæх ГАСИНТИ Жорж ци уац ниффинста, уомæй хецæн хæйттæ.***

## ÆГЪАТИР КАРНÆН НÆ БАСАСТÆЙ

Устур Фидибæстон тугъдмæ Иристонæй хуæрзæригонæй кæци фæсевæд рандæй, уонæй еу адтæй киристонигъæуккаг æстдæсанздзуд лæхъуæн Тауасити Тауас дæр. Немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ 1941-1942 æнзти карз тугъдтити рæстæг знагмæ уацари бахаугæй зиндæр уавæртæн ка ниффæразта, ка син нæ бакумдта басæттун, еци Тауас.

Мæ зæрдæбæл ма хуарз лæууй, Тауас, æ фиццаг фурти фурт Геуæрги ку райгурдæй, уæд куд цийнæ кодта: «Мæ берæ гъезæмæртти фæсте мæ Хуцау нæ феронх кодта, хъæбæр амондгун дæн!..», – хъæбæр бозæй дзурдта Тауас. Уотæ имæ кастæй, цума æ берæ зиндзийнæдтæ æма гъезæмæрттæ æцæгæйдæр феронх кодта. Фал ибæл æ еци цийни хæццæ ба цанæбæрæг рæстæги фæсте æрцудæй уæззау хабар – гъулæггагæн, анзи кæрони, декабри, Геуæргий фидæ, Тауасæн æ хестæр фурт Руслан æнæнгъæлти рамардæй, æма уомæй уæд æрвдзæфау фæцæй.

Алли адæймагæн дæр æхе цардвæндаг, æхе карнæ ес. Тауас райгурдæй 1922 анзи Киристонгъæуи Тауасити Михал æма Мисирхани (Тъурион) хæдзари. Астанздзудæй бацудæй скъоламæ. Хуарз ахур кодта, хузæ кæнунбæл дæр фæццалх æй. Тауас ахид æримисидæ, æ фидæ Михал бæхтæбæл догъти ку архайидæ, уæд уой куд аййевæй кæнидæ, уой.

Æримисидæ уой дæр, æма 1937 анзи А.Пушкини райгурди 100 анзей юбилеймæ куд искодта поэти бюст æргъæй æма ’й скъолайæн куд балæвар кодта. Бюсти къарæ уæд исиста къаресæг Гер æма ’й ниммухур кодта республикон газети. Тауас ма уæд финста скъоладзаутæ æма гъæуи цæргути хабæртти туххæй æрмæгутæ, ниммухур ин сæ кæниуонцæ газетти. 1938 анзи архайдта уацхæсгути æмбурди. Уæддæр Тауасæн æнæ скульптурæ æ цард адæ нæ кодта. Æма скъолай фæсте рандæй Мæскумæ, Сурикови номбæл институтмæ ахур кæнунмæ бацæуни зæрдтæй. Фæл æ фæндæ нæ фæррæстмæ æй, дæхебæл ма никкидæр бакосæ æма нæмæ уæдта æрцæудзæнæ, зæгъгæ, ин зæгътонцæ еци ахургæнæндони.

Уæдмæ ’й, дууинсæймаг анзи æфсадмæ ракодтонцæ, службæ кодта Таллини. Уоми ‘й æрæййафта Устур Фидибæстон тугъди райдæд... Æма сæ еци сахарæй ракодтонцæ, багæлстонцæ сакъадах Дагоммæ. Немуцаг-фашистон æрдонгтæ уæдмæ байахæстонцæ сакъадах Воромси æма Тауасийфурти е ’мтохгæнæг æмбæлтти хæццæ нæхеуæнттæ Дагомæй баластонцæ Езельмæ. Уоми цудæнцæ уæззау тугъдтитæ, берæ си фæммард æй сурхгвардионтæй æма матростæй. Иннетæ ба æртухсти бахаудтæнцæ. Сæ командир Тауасæн бардзурд равардта, уæддæр еу бæлæгъ æрбакæнæ, немуц кæми адтæнцæ, уордигæй æма бавзарæн æртухстæй райервæзун. Тауас дони билтæбæл гъузгæ-гъузгæй бурдæй æ губунбæл, накæ кодта дони бунти, фал æй немуцæгтæ уæддæр æрæстæфтæнцæ æма ’й æхсун райдæдтонцæ. Нæмгути æсхъестæй æ рахес къах æ уæрагæй сæрмæ дууæ цæфи фæцæй (еци цæфи фæсте къулухгомауæй цудæй). Фæстæмæ ма тухамæлттæй байервазтæй æ къуармæ. Тугъдтитæ уæдмæ никки карздæр фæцæнцæ. Сакъадæхтæ немуци гъудæнцæ плацдармæн Балтикæ æнæгъæнæйдæр байахæссунмæ. Æхсæвæй тугъд басабур æй, денгизи горизонтбæл цидæр сау æндæргтæ фæззиндтæнцæ. Маякæй нæхеуæнттæ сакъадæх гъæуайгæнгутæн фегъосун кодтонцæ, фæстæмæ уæ сакъадах Дагоммæ ракæндзинан, зæгъгæ. Тар æндæргтæ разиндтæнцæ бæлæгътæ, адтæй си дууæ матроси æма афицер, нæхеуонтæ. Тауас бæргæ гъавта бæлæгъмæ исхезун, фал æй етæ фæстæмæ донмæ расхустонцæ æма уотемæй райевгъудæнцæ... Ци гæнæн ма ин адтæй – Воромсимæ фæстæмæ фæннакæ кодта дууæсæдæ метри. Хъæбæр бафæлладæй, тухамæлттæй ма, нæхеуон цæфтæ кæми адтæнцæ, еци блиндажмæ бабурдæй.

Сæумæй ба немуц никки карздæрæй æмпурсун байдæдтонцæ. Советон æфсæддонтæ, ци гæнæн æма амал адтæй, уомæй кæронмæ сæ нихмæ бæргæ карз тох кодтонцæ, фал сæбæл знаг уæддæр фæттухгиндæр æй, уацари сæ райстонцæ.

Советон уацайрæгти немуц баластонцæ сахар Таллинмæ, уоми сæ ба сæ еу æрдæгихæлд заводи азгъунстмæ бакодтонцæ. Уордигæй кадæртæ раледзун бæргæ æвзурстонцæ, фал дзæгъæли...

Зумæги 1941-1942 æнзти концлагери адтæй цалдæр мин уацайраги, уæхæн уавæрти сæ дардтонцæ, æма сæдæгæйттæй мардæнцæ тифæй, æстонгæй.

– Нæ еугурдæр уотæ æгудзæг æма æнæхъаурæ адтан, æма ин зæгъæн дæр нæййес, хъæбæр зин æй уотид æ радзорæн дæр,– имисидæ Тауас. – Аэродроммæ нæ лагерæй ратæриуонцæ бæгъæнбадæй æма нæ къæхтæй надтан мет, цæмæй хуæдтæхгути æрбадæн фæзуат лигъздæр адтайдæ... Беретæ ни еци лæугæ-лæугæй мардæнцæ, ке ба фехсиуонцæ, неци пайда бал си ес, зæгъгæ. Раст зæгъгæй, немуцæгти ’хсæн адтæй фæлмæнзæрдитæ дæр. Сосæггай салд картофтæ æрбагæлдзиуонцæ мах æрдæмæ...

Гъе уæхæн гъезæмайраг уавæрти Тауасмæ разиндтæй фагæ хъаурæ æма нифс, равдиста лæгдзийнадæ, дигорон лæги уодисконд, е ’рдзон раст уодигъæдæ, æ фидтæлти тог æма æхсарæ. Æ нифс нæ расастæй, æууæндтæй, æ устур æма домбай бæсти рохсдæр исонибонбæл, цардамондбæл.

Фæстæдæр ци бацæнцæ, уой туххæй Тауас уотæ дзурдта:

## ТАУАСИТИ СТАНИСЛАВИ АЙЙЕВАДОН КУСТИТÆ









*еци ТАУАСИТИ Сослæнбег, е дин ТАУАСИТИ Тауас æма æ фурттæ Руслан æма Станислав. Хъæбæр зин æй, абони не ‘хсæн ке нæбал æнцæ... Нæ нури дзубанди Станислави туххæй æй, æма уой зæгъуйнаг дæн, æма æ рохс ном нæ зæрдити цæруй, имисæн æй куд искурдиадæгин скульптор æма уодигъæдæй дессаги рæсугъд адæймаги, сæрустур си ан...*



## ТАУАСИТИ РУСЛАНИ АЙЙЕВАДОН КУСТИТÆ







– Ку фæссæрæндæр ан, уæд нæ æндæр лагермæ ракодтонцæ. Уордæмæ ба дзиуиттæгти нæ уагътонцæ. Немуцæгтæй еу уруссагау дзурдта, цалдæр зилди нæбæл æркодта, алкæмæ дæр ни лæмбунæг æркæсидæ. Мæн æрдæмæ дууæ хатти æрбазилдæй, фæккастæй мæмæ, уæдта мæ бафарста ци ’рдигон дæн, уомæй. Æз мæхе байамудтон, æма мæ уæд бафарста мæ муггагæй, мади, фиди номæй. Æ дæлбарæ æфсæддонтæй еуей рарвиста æма е æ хæццæ лагерæй ракодта уацайраг æригон лейтенанти. Е мæ хæццæ радзубанди кодта нæхе æрдигонау æма немуцæгтæй баруагæс æй, дзиуиттаг ке нæ дæн, е. Ирон лейтенант ба разиндтæй Заманхъулæй, цудайдæ ибæл дууæ æма инсæй анзи, асæй рæстæмбес... Еци лагери цæгаткавказæгтæй ка адтæй, уони багæлстонцæ Варшави бунмæ, Беноминово, зæгъгæ, уордæмæ. Ами махæй вермахти æфсæддонтæ искæнунмæ гъавтонцæ, сæхе уæледарæс нæбæл искодтонцæ...

Гъе уотемæй евгъудæнцæ рæстæгутæ, гъезæмæрттæ идзагæй... Раледзунмæ бæргæ багъавидæ, фал ин си неци уадæй.

– Уæддæр еу æхсæвæ ба багъузтæн цидæр хутормæ, рохс ци хæдзарæй калдæй, уордæмæ. Бийнонтæн балæдæрун кодтон, нæхеуонтæмæ ке цæун æма мæ баримахстонцæ. Етæ мин загътонцæ, фронти сæрти бахезун дин зин уодзæнæй, ку нæ дин бантæса, уомæ гæсгæ ба, дан, багæдзæ, куд зонæн, уотемæй не ’фсад хутор тагъд исуæгъдæ кæндзæнæй фашисттæй. Æма, æцæгæйдæр, дууæ суткей фæсте хутор нæхе æфсад байахæста.

Зæронд уосæ æма æригон кизгуттæ мин мæ немуцаг дарæс рагæлстонцæ æма мæ уæле искодтон цидæр хумæтæг дарæс. Бацудтæн нæхеуонтæй еу афицермæ, уацари хабæрттæ ин ракодтон. Курдтон, цæмæй мæ фронтмæ ракодтайуонцæ. Е мин карзæй уотæ: «Ду мах нæ гъæуис!» Еу æфсæддонмæ фæдздзурдта æма, ракæнæ ’й æма ’й фехсæ, зæгъгæ ин, ку зæгъидæ. Е ма ракодта æма мин уотæ: «Фегъустай бардзурд, фал дæ нæ марун, æригон ма дæ, цо Мариупольмæ, комендатурæмæ дæхе радтæ...» Автоматæй цалдæр хатти хæрдмæ фехста, гъома, ихæслæвæрд исæнхæст кодтон, зæгъгæ, æма рандæй.

Комендатури мин загътонцæ, дæу хузæнтти, дан, æрæмбурд кæндзинан æма уæ тугъдмæ рарветдзинан. Фал цалдæр боней фæсте нæ еу сæумæ вагæнтти бакалдтонцæ. Фæлластонцæ нæ сахар Шахтæмæ, уордигæй ба Новошахтинскмæ (лагерь госпроверки).

* * *

Ке неци хабар ми игъустæй, уомæ гæсгæ ба мæ нæхемæ мардбæл банимадтонцæ. Фал мæ финстæг ку райстонцæ, уæд мæмæ мæ мадæ Мисирхан æма мæ кæстæр æнсувæр Федар æрхъæрттæнцæ. Гъæуайгæнæг мин фегъосун кодта, дæхеуæнттæ дæмæ ’рцудæнцæ, зæгъгæ. Рацудтæн, синдзин телти медæгæй сæмæ мæ къохтæ телун. Не ’хсæн адтæй инсæй метри, мæ мадæ мæмæ тундзуй, кæуй, дзоруй мæмæ, мæ хъæболæ, æгас ма дæ, Тауас дæн, уæд сæ кизгæ Алетæ, медæггаг хæдони рауайгæй, синхи адæми райгъал кодта, Тауас иссудæй, зæгъгæ.

Адæм нæ тургъæмæ æмбурд кодтонцæ. Алетæ мæ мади дæр райгъал кодта æма мæ е ку рауидта, уæд ма айдагъдæр исдзурдта: «Мæ биццеу...» Уæдта берæ рæстæг исдзорун нæбал фæразта... Хæдзари медæгæй лæмбунæгдæр ку ’ркастæн, уæд æй балæдæрдтæн, мæ мадæ еци æнзти дæргъи уотид пъолбæл ке фæххустæй, гъома, кæд мæ хъæболæ уæхæн уæззау уавæрти æй, уæд æз фæлмæн хуссæни куд уолæфон.

### ЗÆРДТАГОН ИМИСУЙНÆГТÆ



**ДЗБОЙТИ Михал, скульптор, Цæгат Иристони адæмон хузæгæнæг:**

– Æз хуарз зудтон Тауасити Тауаси, исфæлдистадон искурдиадæй уоййасæбæл хайгин адтæй æма имæ рæсугъд исонибон бæргæ æнгъæлмæ кастæй, фал царди ци зулун-мулун нæдтæ ес, етæ ’й бакъулумпи кодтонцæ кæмидæрти... Æхецæн ци нæ бантæстæй, е бантæстæй æ дууæ фурти Руслан æма Станиславæн – мæ цæстити рази исирæзтæнцæ. Сæ фиди тогæй фæххайгин æнцæ, сæ фиди уæлтæмæнадæй хай райстонцæ. Станислав иссæй зундгонд скульптор, е ’нсувæр Руслан ба æ рæстæги адтæй Мæскуй Сурикови номбæл институти факультети декан... Гъулæггагæн, абони Тауас дæр, æ фурттæ Руслан æма Станислав дæр не ’хсæн нæбал æнцæ... Фал уæддæр сæ рохс нæмттæ ба нæ зæрдити цæрунцæ... Æностæмæ сæ имисунæй ихæсгин æй нæ дзиллæ, етæ Иристонæн ци агъазиау хуæрзти бацудæнцæ, уой нимайгæй...

зæгъгæ. Гъæуайгæнгутæ ’й хæстæг не ’рбауагътонцæ, хæрдмæ æхстонцæ, фал кæми...

Цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте, 1943 анзи феврали мин истæрхон кодтонцæ дæс анзи ахæстдони фæббадун, уой фæсте ба ма никкидæр фондз анзей дæргъи мæ гъæлæси бартæ адтæнцæ ист.

Ахæст адæми лагерь адтæй Ростови, уордигæй нæ ластонцæ завод «Ростсельмаш»-мæ, уоми кустан тайунгæнæн цехи. Мæ ихæстæ хуарз æма афойнадæбæл ке æнхæст кодтон, уомæ гæсгæ мæ æхсæз мæйи раздæр исуæгъдæ кодтонцæ. Е адтæй 1954 анзи, октябри.

Ме ’суæгъди туххæй нæхемæ рагацау нæ ниффинстон æма мæмæ æнгъæлмæ кутемæй кастайуонцæ. Тургъæмæ бахизтæн, исбадтæн хæдзарæмæ бахезæни къæпхæнтæбæл æма тамаку думгæй берæ фæббадтæн. Нæ мæ фæндадтæй мæ мади райгъал кæнун. Ме ’нсувæр Федар ба уæд æфсади службæ кодта. Тургъи фæррацо-бацо кодтон еуцæйбæрцæдæр, уæдта не ’рвадтæлти колдуар дорæй бахуастон. Адтайдæ сæуми цуппар сахатти. Ку базудтонцæ,

Тауас еци бон фæццудæй уæлмæрдтæмæ, фæхъхъонц кодта æ фиди зианбæл æма æ карнæбæл. Ци гæнæн адтæй, цард цард æй, æ хабæрттæ ин аразун гъудæй. Æма Тауас 1954 анзи фæсаууонмæ ахур кæнун райдæдта Мæскуй Н.Крупскайи номбæл Еугурцæдесон адæмон исфæлдистади Центрон хæдзари. Каст æй фæцæй хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ...

Тауасити Тауаси цардвæндаги туххæй ма, нæ равгитæ куд амононцæ, уомæ гæсгæ бæлвурддæрæй рахабæрттæ кæндзинан æндæр хатт, абони ба нæ фæндуй æ фурттæ Руслан æма Станислави туххæй зæгъун.

Ахури фæсте æ цард байеу кодта синдзигъæуккаг кизгæ Икъати Таири хæццæ. Райгурдæй син дууæ биццеуи Руслан æма Славик. Ку байрæзтæнцæ, уæд син сæ карни идарддæри хабæрттæбæл тухсгæй, Мæскумæ сæ ракодта. Биццеутæ фиццаг ахур кодтонцæ В. Сурикови номбæл хузæкæнуйнадон институти размæ сæрмагонд скъолай, уæдта институтæн æхеми, скульптори дæсниадæбæл. Æнтæстгинæй æй каст фæцæнцæ.

Тауасæн æ царди уавæртæмæ гæсгæ ци нæ бантæстæй, скульптор исун, еци бæлдæ ин æнтæстгинæй исæнхæст кодтонцæ æ дууæ фурти – иссæнцæ айдагъ Иристони нæ, фал æнæгъæнæ Уæрæсей дæр æма дуйней берæ рауæнти дæр игъустгонд скульптортæ.

Руслан берæ æнзти дæргъи фæккуста, кæддæр каст ке фæцæй, еци ахургæнæндони Мæскуй В.Сурикови номбæл хузæкæнуйнадон институти, фæстагмæ си адтæй декан, исаккаг ин кодтонцæ профессори ном. Гъулæггагæн, æ карнæ ин æгæр цубур цардвæндаг исаккаг кодта – æдеугурæй аст æма дууинсæй анзи (1956-2004).

Станислав ба еци институти исахур кæнуни фæсте исæздахтæй Иристонмæ æма ами æнтæстгинæй æнхæст кодта е ’сфæлдистадон куст. Фал уомæн дæр,– угæ ба карнæн ци загъдæуа!.. – æ цардвæндаг æгæр цубур рауадæй – зæгъун æнгъезуй, æ кари тæккæ тæмæни бацæугæй, рацох æй æ уæлзæнхон цардæй (1959-2014). Фал уæддæр абони æй не ’хсæн – æ берæ дессаги искурдиадæгин скульптурон куститæй. Ранимайдзинан си цалдæр: Дзæуæгигъæуæн æ бундорæвæрæг Бугъулти Дзæуæгæн циртдзæвæн (лæууй сахари, Штыби фæзи), Хонхи Санибай Устур Фидибæстон тугъди рæстæг ци фæсевæд фæммард æй, уонæн номерæн монумент, абони Дзæуæгигъæуи уиндгундæр рауæнти фæууинæн ес, номдзуд театралон архайæг Евгений Вахтанговæн æма номдзуд драматург æма финсæг Михаил Булгаковæн ци монументтæ искодта, уони æма ма берæ æндæр скульптуритæ..

